

Nou tradui fòmilè sa a pou pataje enfòmasyon sèlman. Se pou ranpli Fòmilè pou Manda a nan lang anglè sou vèsyon anglè fòmilè a.

MANDA LIMITE

ENSTRIKSYON

Paran an oswa gadyen legal la (Moun k ap bay manda a) dwe ranpli fòmilè ki nan paj 11-12 yo pou bay yon tyès pati (Mandatè) a otorite jeneral pou pran majorite desizyon yo epi pou fè majorite bagay yon paran ta fè pou pitit yo.

1. Ou dwe fè kopi fòmilè sa a apre li fin siyen. Sèvi ak kopi yo chak fwa sa posib pou pwoteje orijinal la.
2. Se paran an oswa paran yo ki gen gad legal la oswa gadyen legal la ki pou siyen fòmilè a. Toude paran yo dwe siyen si timoun nan ap viv ak toude paran yo.
3. Yo dwe ranpli yon fòmilè Manda Limite diferan pou chak timoun nan fanmi an.
4. Akòz pwoblèm vwayaj nan pran yon timoun pou ale nan yon lòt peyi, li ta bon pou paran yo siyen yon Manda Limite pou fè lòt paran an Mandatè a, epitou siyen yon Manda Limite pou fè yon lòt manm fanmi an oswa yon zanmi yo fè konfyans vin yon Mandatè.
5. Paran an oswa paran yo dwe siyen fòmilè a devan yon notè piblik. Si ou pa t siyen Fòmilè Manda Limite a anvan yo te arete w oswa yo te mete w an detansyon, ou ka mande anplwaye prizon yo pou ede w jwenn yon notè nan prizon an. Tout bank gen yon notè piblik. Ou pa ta dwe oblije peye yon gwo frè pou sa.
6. Se pa tout moun, tout òganizasyon gouvènmantal oswa tout biznis ki ka onore oswa aksepte fòmilè sa a.
7. Si ou siyen fòmilè Manda Limite a davans, ou pral oblije siyen l ankò si ou mete yon dat ekspirasyon sou li.
8. Fòmilè Manda Limite a se sèlman yon solisyon pou yon tan kout pou yon paran oswa paran yo ke gouvènman an arete ak mete an detansyon. Mandatè a pral bezwen konsilte yon avoka konsènan gad timoun si paran oswa gadyen legal timoun nan an detansyon.

MANDA LIMITE POU TIMOUN AK SWEN MEDIKAL, AKSÈ NAN DOSYE EDIKATIF, AK OTORITE POU PRAN DESIZYON SOU EDIKASYON

Moun k ap bay manda a / Paran	Moun k ap bay manda a / Paran
Non:	Non:
Dat Nesans:	Dat Nesans:
Tip Idantifikasyon (ID):	Tip Idantifikasyon (ID):
Nimewo Idantifikasyon (ID):	Nimewo Idantifikasyon (ID):
Timoun nan	Mandatè
Non:	Non:
Dat Nesans:	Dat Nesans:
Nimewo Sekirite Sosyal (SSN):	Adrès:
Nimewo Paspò:	

Mwen/Nou, _____ avèk _____,
ki abite kounye a nan

_____, antanke paran an (yo) ak/oswa gadyen an (yo) pou
_____,

_____, ke n ap rele nan rès dokiman sa a **timoun** nan, ap
delege nan dokiman sila a _____, ke n ap rele nan rès dokiman
sa a **Mandatè**, otorite pou l aji nan plas ak nan pozisyon mwen/nou pou chak nan pouvwa sa
yo konfòmman ak Chapit 1337 nan Kòd Revize Ohio a (Ohio Revised Code Chapter 1337):

1. Pou bay konsantman pou nenpòt tretman medikal, operasyon, medikaman, terapi, admisyon lopital ki nesese oswa lòt swen sa yo pou timoun nan;
2. Pou anboche, kenbe oswa voye ale nenpòt moun ki ka pran swen, konseye, trete oswa nan nenpòt fason ede timoun nan;
3. Pou resevwa Enfòmasyon Sante Pwoteje dapre Lwa sou Transferabilite ak Responsabilite nan domèn Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability Act, HIPAA) sou pitit mwen/pitit nou an, ki gen ladan divilgasyon dosye;
4. Pou jwenn kopi dosye edikatif pitit mwen/pitit nou an ke yo kenbe nan nenpòt nan dosye edikatif pitit mwen/pitit nou an.
Mwen/nou renonse ak libere enstitisyon edikatif yo de nenpòt restriksyon lalwa enpoze pou divilge oswa revele nenpòt dosye edikatif, ki gen ladan, men ki pa limite a, Lwa sou Dwa Edikasyon ak Konfidansyalite Vi Prive Fanmi, 20 U.S.C. 1232g ak Seksyon 3319.321 nan Kòd Revize Ohio a;
5. Pou patisipe nan nenpòt desizyon edikatif ki konsène pitit mwen an/pitit nou an kòm Mandatè ki deziyen nan dokiman sila a se yon paran oswa gadyen timoun nan.

Mwen/nou renonse ak libere enstitisyon edikatif yo de nenpòt restriksyon lalwa enpoze pou detèmine kiyès ki ka pran desizyon edikatif pou pitit mwen an/pitit nou an, ki gen ladan, men ki pa limite a, Lwa sou Dwa Edikasyon ak Konfidansyalite Vi Prive Fanmi, 20 U.S.C. 1232g ak Chapit 3319 nan Kòd Revize Ohio a;

6. Pou depoze oswa al chèche pitit mwen an/pitit nou an nan lekòl la oswa pou apwouve depasman ki fè pati edikasyon pitit mwen an/pitit nou an. Mwen/nou renonse ak libere enstitisyon edikatif yo de nenpòt restriksyon lalwa enpoze pou detèmine kiyès ki ka al chèche oswa depoze pitit mwen/pitit nou an nan lekòl la oswa pou apwouve depasman pou aktivite edikatif;
7. Pou egzèse menm dwa parantal yo ke mwen menm/nou menm ka egzèse ki gen rapò ak swen, gad ak kontwòl timoun nan ak diskresyon pou egzèse menm dwa yo nan kay Mandatè mwen/nou an oswa nenpòt lòt kote Mandatè mwen/nou an chwazi selon diskresyon li;
8. Pou otorize ak konsanti pou vwayaje ak timoun nan pou ale ak pou soti nan peyi Etazini d'Amerik, ak nan _____; e,
9. Pou fè tout lòt aksyon ki nesesè, oswa ki gen rapò ak ekzekisyon pouvwa ki endike nan dokiman sila a.

Mwen/nou rekòmande ak konsanti tou pou Tribinal Jivenil la deziyen Mandatè mwen/nou an antanke gadyen legal sizoka mwen/nou andeyò eta a pandan 30 jou oswa plis.

Nenpòt zak legal ke reprezantan mwen an/nou an fè pral angaje mwen/nou, eritye mwen/nou yo, benefisyè mwen/nou yo, reprezantan pèsònèl ak eyan dwa mwen/nou yo. Mwen/nou rezève dwa pou modifye oswa anile Manda Limite sa a nenpòt ki lè annapre; toutfwa, nenpòt enstitisyon oswa lòt pati k ap trete ak reprezantan mwen an ka konte sou Manda Limite sa a jiskaske li resevwa yon kopi anilasyon mwen/nou an ki siyen kòmsadwa.

Nenpòt kopi yo repwodwi apati orijinal sa a ki siyen dwe konsidere kòm yon kontrepati orijinal Manda Limite sa a. Yon enkapasite jiridik pandan lavi mwen/lavi nou pa dwe afekte nan okenn ka Manda Limite sa a, eksepte jan lalwa prevwa sa.

Manda Limite sa a ap rete anvigè apati dat yo siyen l lan e l ap fini baze sou yon anilasyon alekri ki vin apre oswa nan dat _____, toudepannde sa ki fèt an premye a.

Dat: _____

Siyati (yo): _____

ETA OHIO _____)

KONTE _____)

Nan _____ ye/yèm jou sa a nan mwa _____, 20____, devan mwen, yon
Notè Piblik nan ak pou Konte ak Eta ki mansyone nan dokiman sa
a, _____ te prezante pèsònèlman e li te rekonèt li te siyen dokiman ki pi
wo a, e ke menm dokiman sa a reprezante zak ak aksyon volontè li/yo.

SELON TEMWAYAJ MWEN, mwen siyen non mwen epi mete so notè mwen an nan jou ak
ane ki ekri pi wo a.

Komisyon mwen ap ekspire:

Notè Piblik

(SO)